



**SUMATIF AKHIR SEMESTER (SAS) PADA SEMESTER GANJIL
MADRASAH IBTIDAIYAH FIE SABILIL MUTTAQIEN
TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari / Tanggal	:
Kelas	: IV (Empat)	Waktu	:

I. Pilih salah satu jawaban yang tepat pada huruf a, b, c atau d !

1. Geguritan utawa guritan asale saka tembung lingga *gurit*, tegese
 - a. kidung utawa taembang
 - b. tembang kanggo cah enom
 - c. kasusastraan jawa kang nduweni pesen
 - d. pidhato ngaturake pirembangan
2. Geguritan kang nggunakake basa Jawa jaman saiki lan ditulis nganggo aksara latin sarta uwis migunakake kertas, klebu jinise geguritan gagrag
 - a. anyar
 - b. lawas
 - c. sawetawis
 - d. kidung
3. Geguritan nduweni unsur-unsur, yaiku ...
 - a. tema, pamilihing tembung, lan purwakanthi
 - b. tema, gagrag anyar, lan pamilihing tembung
 - c. tema, gagrag lawas, lan lelewaning basa
 - d. gagrag anyar, gagrag lawas lan pamilihing tembung
4. Dadi bocah kuwi aja sok seneng goroh. Dasanamane tembung gorong yaiku
 - a. dolanan
 - b. gumedhe
 - c. gawean
 - d. ngapusi
5. Maca geguritan iku klebu perangane maca
 - a. endah
 - b. batin
 - c. cepet
 - d. balapan

6. Lagu nalika maca geguritan klebu ing
 - a. wicara
 - b. wirasa
 - c. wiraga
 - d. wirama

7. Yen isine geguritan iku sedhih, polatane sing maca kudu
 - a. katon seneng supaya ngrungkake melu seneng
 - b. katon bungah supaya sing ngrungkake melu bungah
 - c. katon semangat supaya sing ngrungkake melu semangat
 - d. katon sedhih supaya sing ngrungkake melu sedhih

8. Ketemu simbah wayah esuk kusu ngucapake
 - a. sugeng dalu
 - b. sugeng enjing
 - c. sugeng siyang
 - d. sugeng sonten

Semaken geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli soal angka 9 lan 10

Taman
dening J.F.X Hoery

Ing taman
 Ing taman anakku
 Tawon lan kupu rebutan madu
 Kinjeng lan kombang rebutan kembang
 Angin esuk ngereog embun ing pucuking kudhup
 Kekedhering kinjeng lan kupu
 Aja nganti mbok incup
 Sawangen wae
 Endahe

9. Kewan kang ana ing taman kasebut yaiku
 - a. manuk cendrawasih
 - b. macan lan kebo
 - c. tawon, kupu, kinjeng, lan kombang
 - d. tawon lan kebo

10. Geguritan kasebut kaanggit dening
- a. anakku
 - b. J.F.X Hoery
 - c. J.F.X Hary
 - d. taman
11. Jeneng liyane pacelathon yaiku
- a. pidhato
 - b. wara-wara
 - c. dhialog
 - d. pawarta
12. Wong kang diajak omongan ing pacelathon diarani
- a. panutur
 - b. mitra tutur
 - c. tuturan
 - d. pamedhar sabda
13. Pacelathon kang nduweni tujuwan supaya mitra tuture gelem nindakake apa kang dikarepake diarani
- a. menehi hiburan
 - b. menehi duka
 - c. menehi informasi
 - d. sarana pengajak
14. Pacelathon iku ditindakake paling sithik ... uwong
- a. 1
 - b. 2
 - c. 3
 - d. 4
15. Unggah-ungguh kang becik nalika tetepungan yaiku
- a. bengak-bengok saka kadohan
 - b. nyedak karo meneng
 - c. nyedak karo ngajak salaman
 - d. mripate ngawaske wong liya

16. Tuladha ukara kang becik kanggo tetepungan marang wong liya yaiku
- "halo, kenalan yo!"
 - "eh, kenalan yok! Jenengmu sapa?"
 - "mas, kowe wong ngendi?"
 - "mbak, ndherek nepangaken, nama kulo Jono, panjenengan?"
17. Ukara ing ngisor kang migunakake ragam ngoko lugu yaiku
- kowe wingi neng ngendi?
 - mbak, aku nyuwun jajan meneh
 - ibu kesah nyambut damel
 - ibu tindak dhateng Surabaya
18. Pacelathon kudu nggunakake ragam krama yen paragane antarane
- bocah cilik marang wong tuwa
 - wong enom karo wong enom
 - wong tuwa karo wong enom
 - wong tuwo karo kancane
19. Ragam krama alus saka tembung "turu", yaiku
- siram
 - sare
 - ngunjuk
 - mundhut
20. Tegese unggah-ungguh basa, yaiku
- sopan santune wong-wong Jawa
 - sopan santun, tata susila, tata pranata
 - kebiasaane wong Jawa marang liyane
 - sopan santun, tata susila, tata pranatane basa sing tujuwane kanggo ngajeni wong liya
21. Mbakyu lagi turu.
- Ukara krama alus saka ukara kasebut yaiku
- mbakyu lagi sare
 - nimas lagi tilem
 - mbakyu nembe sare
 - mbakyune turu

22. Cita rakyat iku jinise ana
- siji
 - loro
 - telu
 - papat
23. Cita rakyat dicritakake kanthi
- turun temurun
 - lumantar medhia
 - ditulis ing buku
 - siaran radhio lan TV
24. Cita babagan kewan kang solah bawane kaya dene manungsa diarani
- legendha
 - mitos
 - fabel
 - sage
25. Tuladha cita rakyat kang sumebar ing tlatah Jawa yaiku
- Malin kundang
 - Legendha Danau Toba
 - Kebo Iwa
 - Dumadine Kutha Banyuwangi
26. Unsur intrinsik sajrone cita rakyat kang ngandharake babagan papan, wektu, lan kahanan sajrone cita yaiku
- alur
 - paraga
 - latar
 - amanat
27. Isi cita utawa pokok cita ing dongeng diarani
- tema
 - tokoh
 - alur
 - amanat

28. Ing ngisor iki ancasa crita rakyat, kajaba
- kanggo nyebarake kepercayaan turun temurun kang ana ing masyarakat
 - ngajarake piwulang becik
 - sarana panglipur
 - sarana kanggo apus-apus
29. Sage yaiku crita rakyat kang nyritakake
- kaprawiran manungsa
 - alam gaib
 - dumadine panggonan
 - babagan sato kewan kang tindak tanduke kaya manungsa
30. Ana ing crita dongeng biasane sing ngarang iku
- dimangerti
 - ditulis ing crita
 - ora dimangerti
 - diandharake nalika kacaritakake
31. Wacan kang isine nggambarake sawijining objek yaiku
- narasi
 - persuasi
 - dheskripsi
 - eksposisi
32. Wacan deskripsi kang nggambarake objek adhedhasar kesan sing diduweni panulis sajrone wacan diarani dheskripsi
- campuran
 - subjektif
 - spasial
 - objektif
33. Ing ngisor iki sing ora klebu jinis wacan dheskripsi, yaiku
- dheskripsi campuran
 - dheskripsi subjektif
 - dheskripsi spasial
 - dheskripsi objektif

34. Nom noman tukang laden diarani
- blantik
 - sinoman
 - kusir
 - sindhen
35. Tukang ngrumat pasarean diarani
- supir
 - kondektur
 - juru kunci
 - prajurit
36. Tukang nglakokake dhokar diarani
- merbot
 - algojo
 - kusir
 - dhalang
37. Wong sing gaweyane bela negara diarani
- prajurit
 - sinoman
 - blantik
 - dhalang

Wacanen teks ana ing ngisor iki kanggo mangsuli soal angka 38–40!

Kerja ing Pabrik Sepatu

Dina kuwi pas dina Sabtu. Susi olehe budhal rada kawanen. Biasane jam setengah pitu Susi wes nyegat kendharaan ing prapatan arep budhal nyambut gawe ing pabrik sepatu. Nanging dina kuwi wis jam pitu kok isih metu saka ngomah.

“Mbak Susi budhale kok awan?” pitakone Anis kanca sapabrik.

“Iya dhik, iki mau isih ana urusan penting ing ngomah. Sampeyan kok ya awan olehe budhal?” wangsulane Susi banjur genti takon marang Anis.

38. Susi nyambut gawe ing
- pabrik sepatu
 - pabrik sandal
 - pabrik rokok
 - pabrik kain

39. Koncone Susi sing podho-podho nyambut gawe sapabrik jenenge

- a. Dian
- b. Anis
- c. Nia
- d. Anisa

40. Biasane Susi budhal nyambut gawe jam

- a. setengah enem
- b. jam enem
- c. setengah pitu
- d. jam pitu